# МУҒАЛЛИМ ҲӘМ ҮЗЛИКСИЗ БИЛИМЛЕНДИРИЎ

*илимий-методикалық журнал №1*



Нөкис - 2015

# Женщина - Академик



Сейтова Дамегуль Утарбаевна родилась в г. Москве3-го марта 1955 года. После окончания сш. им В.В. Терешковой в 1972 году поступила в Каракалпакский государственный педагогический институт на факультет иностранных языков, на отделение английского языка и в 1977 году успешно окончила этот ВУЗ, который в 1976 году был реорганизован в Нукусский госуниверситет.

После окончания НГУ работала учителем английского языка в школе № 12 г. Нукуса, затем экскурсоводом в Нукусском госкраеведческом музее.

Долгое время работала преподавателем английского языка кафедры иностранных языков на межфаке.

С 1996 года ст. преподаватель кафедры иностранных языков (межфак), с 1998 г – доцент кафедры английского языка.

В 1982 г закончила 2-х годичные курсы ВПК при ТГПИПЯ им. Ф. Энгельса.

В 1985 г закончила ФПК при ТГПИИЯ им Ф. Энгельса, в 1988 г закончила ФПК при МГУ им. Ломоносова, в 1993, 1999, 2006 г.г. закончила ФПК при УзГУМЯ, в 2010 г. закончила ФПК при Институте иностранных языков г. Самарканда, в 2008 г. закончила ФПК при ТАТУ Нукусского филиала «Информационно-коммуникационные технологии» при КГУ им.Бердаха в 2009 закончила ФПК «Педогогическая технология и педагогическое мастерство», в 2013 «Shet tili o'qituvchilarining maxsus kursi (inglis tili)».

В 1990 г. поступила на з/о аспирантуры при ТГПИИЯ им .Ф. Энгеньса и в 1994 г закончила его уже переименованном в УзГУМЯ.

В марте 1997 г. успешно защитила кандидатскую диссертацию на тему «Типологическая категория фазовости в разносистемных языках» (на материале английского и каракалпакского языков) по специальности 10.02.19. «Общее языкознание, социолингвистика, психолингвистика».

С 22 января 1998 г. имею степень кандидата филологических наук, 28 сентября 2000г. решением ВАК Республики Узбекистан было присвоено звание доцента по специальности «Общее языкознание, социолингвистика, психолингвистика».

Является первым прямым переводчиком с английского на каракалпакский язык произведений художественной литературы; полуфиналист JFDP по линии АКСЕЛС; член НДПУ.

С 1 февраля 2001г. зав. кафедрой английского языка. Автор свыше 100 публикаций. Среди них статьи, тезисы методические разработки, учебно-методические пособия, учебники,«Англо-русско-каракалпакский словарь общественно-политической лексики» выпущенное в 1992 в изд. «Билим».

Участвовала на различных семинарах: региональных, республиканских а также на международных конференциях, обладате ль многих сертификатов.


# Муғаллим хәм үзликсиз билимлендириў

№1 2015 жыл

ISSN 2181-7138

*Илимий-методикалық журнал*

**Редактор:**
*А. Тилегенов*

**Шөлкемлестириўшилер:**
*Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў Министрлиги, ӨЗПИИИ Қарақалпақстан филиалы*



**Редколлегия ағзалары:**

Нағмет АЙЫМБЕТОВ
Татлымурат АТАМУРАТОВ
Өсербай ӘЛЕЎОВ
Барлықбай ПРЕНОВ
Рисбой ДЖУРАЕВ
Кеңесбай СЕЙДУЛЛАЕВ
Рашид МАТКУРБАНОВ
Адилбай ЕРИМБЕТОВ
Марс МАМУТОВ
Бахамдулла НУРАБУЛЛАЕВ
Аскарбай ТИЛЕГЕНОВ
Максет ХАЛҚНАЗАРОВ



**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Жоқарғы Аттестация Комиссиясы Президиумының 25.10.2007 жыл (№138) қарары менен дизимге алынды**

**Қарақалпақстан Баспа сөз хәм хабар агентлиги тәрепинен 2007-жылы 5-мартта дизимге алынды №ОА-044-санлы гүўалық берилген.**
**Мәнзил: Нөкис қаласы, Ерназар Алакөз көшеси №54**
**Тел.: 224-23-00**

*Журналға келген мақалаларға жуўап қайтарылмайды, журналда жәрияланған мақалалардан алынған үзиндилер «Муғаллим хәм үзликсиз билимлендириў» журналынан алынды, деп көрсетилиўи шәрт. Журналға 5-6 бет көлеминдеги материаллар еки интервалда Times New Roman шрифтинде электрон версиясы менен бирге қабыл етиледи.*

## МАЗМУНЫ


**Сағындықов Ж.Н.** «Сезимлер тәрбиясы хаққында ойлар» ....4
Ерниязова.Г.Е . «Ҳуқық нормалары» ....7
**Qaypnazarova G., Yo`ldasheva N.** «Maple da`sturi jardeminde grafik jasaw usili ha`m qolayliliqlari» ....10
**Төрткүлбаева Т., Тажибаева У.** «Қазақ-қарақалпақ әдебиятының байланысы» ....13
**Тилегенов А.Т., Үсенов С.** «Орта Азия ойшылларының саламатлық хаққындағы ой-пикирлери» ....15
**Берданова П.** «Pedagogikaliq talaplar - balalar ja`ma`a`tin jedellestiriw ha`m bag`darlaw usili sipatinda» ....17
**Кенжебаева К.Б.** «Erkin pikirlewdi rawajlandiriw mashqalasinin` filosofiyada ha`m pedagogikada u`yreniliwi» ....20
**Аметов А.** «Joqari ruwxiyliqti qa`liplestiriw ma`mleketimiz siyasatinin` u`stin bag`dari» ....23
**Мамбеткаримов Б., Калимбетов К.** «Ulıwma orta bilim beriw mektepleri matematika kursında argumentinde minut, sekund qatnasqan trigonometriyalıq an`latpalardı esaplawdı u`yretiwdin` bir usılı h`aqqında» ....26
**Валиева Ж., Гаипова Р., Даниярова С.** «Oqıwshılardı ken`islikli pikirlewge standart emes ma`seleler arqalı u`yretiw» ....28
**Калимбетов К., Жаңабергенова А., Собирова А.** «U`shinshi da`rejeli ten`lemeni sheshiwdin` bir usili haqqinda» ....30
**Карлыбаева Г., Палўанова А.** «Diffuziya qubılısın oqıtıw usılı» ....32
**Джумабаев Н.,Абдиева Г.** «Квадрат теңлемеге келтириў арқалы шешилетуғын жоқары дәрежели теңлемелер» ....34
**Каримов И., Сейтимбетов С.** «Мектеплерде сызыў пәниниң оқытылыўы» ....38
**Ержанова В.** «Инсан гөззаллығы – эстетикалық тәрбияның бас мақсети» ....40
**Инятов А., Жепбаров С.** «Қәнигелик пәнлерди оқытыўда педагогикалық технологиялардан пайдаланыў әҳмийетлери» ....45
**Пахратдинова Т., Реймбаева А.** «Республикамыз билимлендириў системасының өзгешеликлери хәм оны раўажландырыў жоллары» ....48
**Төлегенов М.** «Баўрыкеңлик (толерантлық) идеясының мәнис-мазмуны» ....52
**Смаилова Г.** «Сүўретлеў өнериниң тәлим-тәрбиядағы роли» ....56
**Абдалиева П., Ерлепесова Х.**Талабаларды улыўмаинсаныйлық қәдириятлар тийкарында тәрбиялаў ....58
**Кадрекова А.Қ., Бекмуратов А.** «Бошланғич синф ўқувчиларида экологик тарбияни шакллантиришда оила, маҳалла ва мактабнинг ҳамкорлиги» ....61
**Jumayev M.E., Sultanov M.M.** «Matematikaga ixtisoslashtirilgan boshlang`ich sinf o`quvchilari bilm, ko`nikmasini riviojlantirish usullari» ....63
**Иргашова М.А.** «Ишонтириш - коммуникатив таъсир кўрсатишнинг асосий тури» ....67
**Абдужабборова Ф.** «Шахснинг ранг-тусини ифодаловчи сифат лексемалар семантикаси» ....71
**Эгамбердиева З. Т.** «Таълимда ахборот-кутубхоналар фаолиятидан фойдаланиш» ....73
**Туленова Х.Б.** «Ёш авлод ҳаётида спорт байрамларининг ўзига хос хусусиятлари» ....77
**Сейтова Д., Тулегенов А., Сарсенбаева З.** «Ingliz tili texnikaga oid terminlarining struktur-semantik tahlili» ....80
**Аекеева Г.У.** «Организация работы учителя по самообразованию» ....85
**Халиков А.А.** «Значение речи в профессиональной подготовке учителя» ....88
**Садуллаева А.Н., Реймбаева А.А.** «Многозначность фразеологических единиц и омонимия в каракалпакском и английском языках» ....91
**Авезимбетова А. Д.** «Вопросы взаимодействия языков и развитие терминологии» ....93
**Койшекенова Т., ДЖуманиязова Н.** «Использование песен и стихотворений на уроках английского языка на начальном этапе» ....97
**Бабаджанова А. К.** «Уроки жизни» ....100
**Избасканова А.** «Способы развития навыков технического перевода» ....102
**Садыкова А.В.** «Обучение будущих учителей начальных классов развитию мыслительных приемов учащихся на уроках математики» ....106
**Хожанов П. У.** «Созвучность стихов поэтов» ....110

технология оқытыўдың техникалық қураллары яки компьютерлерден пайдаланыў тараўындағы изертлеўлерге қарағандай қаралмайды, бәлким бул билимлендириўдиң өнимдарлығын асырыўшы факторларды анализлеў, ислеп шығыў хәмде усыллар хәм материалларды қоллаў, соның менен бирге қолланылып атырған усылларды баҳалаў жолы арқалы билимлендириў процессиниң тийкарлары хәм оның қолайлы жолларыны ислеп шығыўды анықлаў мақсетиндеги изертлеўлер болып табылады. Соның менен бирге дүнья тәжирийбесинде тәлим-тәрбия процессиниң көплеген түрлери хәм вариантлары бар болып хәр бир қолланыўшы оған өз өзгерислерин киргизип, өз тәжрийбеси тийкарында қатнас жасаўды талап етеди.


Әдебиятлар:

1. И. Каримов «Юксак билимли ва интеллектуал ривожланган авлодни тарбиялаш – мамлакатни барқарор тараққий эттириш ва модернизация қилишнинг энг муҳим шарти» мавзусидаги халқаро конференция материаллари. – Т.: O`zbekiston, 2012. – 5-бет.

2. И. Каримов. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. – Т.: Ўзбекистон, 2010. – 48-б.

3. Йўлдошев Ж. Таълимимиз истиқлоли йўлида. – Тошкент: Шарқ, 1996. 4-5-бет.



РЕЗЮМЕ

Ушбу мақолада жамиятда билимли, маълумотли ҳозирги кунда педагогик технология ёрдамида ўқитиш таълим-тарбия жараёнининг кўплаган турларига қаратилиб, ҳар бир қўлланувчи унга ўзгаришлар киритиб, ўз тажрибаси асосида муносабат қилиш кераклигига алоҳида эътибор қаратилган.

РЕЗЮМЕ

В статье рассказывается о значении образовательной технологии в профессиональной подготовке высшего обрсзование.

SUMMARY

The article deals with the meaning of the educational texnology in professional training of higher education.


# РЕСПУБЛИКАМЫЗ БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫНЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ ХӘМ ОНЫ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ЖОЛЛАРЫ


*Т. Пахратдинова*

*Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы ассистент-оқытыўшысы*

*А. Реймбаева*

*Нөкис мәмлекетлик педагогика институтының 2-курс студенти*



**Таянч сўзлар:** тизим, ривожланиш, таълим, ўқув жараёни, фан, республика, давлат, қонун, кадр

**Ключевые слова:** система, развитие, образование, процесс обучение, наука, республика, государство, закон, кадр.

**Key words:** system, development, education, process education, science, Republic, state, law, frame.




Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин билимлендириў системасын раўажландырыўға қаратылған бирқанша норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қабылланды хәм олардың базасында ең әҳмийетли бағдар хәм нәтийжелердиң орынланыўы тәмийинленди.

Қабылланған «Билимлендириў ҳаққында»ғы нызам хәм Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы тийкарында үзликсиз билим бериў системасының ең әҳмийетли бағдарлары турмысқа енгизилди, оларға - мектепке шекемги билимлендириў, улыўма орта билимлендириў, орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириўи, жоқары билимлендириў, жоқары оқыў орнынан кейинги билимлендириў, кадрлардың кәнийгелигин асырыў хәм оларды қайта таярлаў, мектептен тыс билимлендириўди киргизиўге болады.

Өткен жыллар даўамында билимлендириў системасын түптен жаңалаў хәм реформалаў бойынша жайласыўы хәм көлемине қарай үлкен ислер әмелге асырылды. Мәмлекетимизде искерлик көрсетип атырған мектеплердиң дерлик хәммеси жаңадан қурылды, капитал реконструкция ислери алып барылды хәм заманагөй оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери менен тәмийнленди. Оқыў процессин сапа хәм методикалық тәрепинен пүткиллей жаңалаў бойынша үлкен ис-иләжлар әмелге асырылды.

Президентимиздиң 2011-жыл 20-майдағы «Жоқары оқыў орынлары материаллық-техникалық базасын беккемлеў хәм жоқары маманлықтағы кәнийгелер таярлаў сапасын түп тийкарынан жақсылаў бойынша ис-илажлар ҳаққында»ғы қарары, жоқары оқыў орынларын модернизациялаў, оларды заманагөй оқыў хәм илимий-изертлеў хәм лаборатория үскенелери менен тәмийнлеў, оқыў процесслерин сапа тәрепинен жаңа басқышқа көтериў, алдыңғы педагогикалық технологиялар хәмде оқытыў формаларын енгизиў, оқытыўшы кадрлар мийнетин хошаметлеўди күшейтиў тийкарында экономика тараўы хәм тармақларында талап етилетуғын жоқары мағлыўматқа ийе кәнийгелерди таярлаў сапасын түптен жақсылаў мақсетлерин өз ишине алады.

Соны да айтып өтиў керек, билимлендириўдиң сапасы хәм нәтийжелилиги педагогтың кәсиплик мүмкиншилиги, педагогикалық шеберлигине тиккелей байланыслы болғанлығы себепли «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызам хәм Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасында билимлендириў системасын билимли педагог кадрлар менен тәмийнлеў, оқытыўшыларды таярлаў, қайта таярлаў хәм олардың кәнийгелигин асырыўдың жаңа системасын жаратыў, олардың мийнетин хошаметлеўди күшейтиў мәселелерине өз алдына итибар қаратыўға итибар берилген.

Президентимиз бүгинги күнде жасларды, улыўма, илим-изертлеў тараўы хызметкерлерин, алымларды раўажланған мәмлекетлер илимий жәмийетшилигиниң итибары орайында турған, ең алдыңғы, келешектеги илимий излениў хәм изертлеў жумысларын елимизде раўажландырыўға шақырып, усы мақсетте Илимлер академиясы хәм жоқары оқыў орынлары қурамында жаңа лабораторияларды шөлкемлестириў, олардың раўажланған мәмлекетлердеги илим-изертлеў орайлары менен нәтийжели бирге ислесиў байланысларын орнатыў зәрүрлигин атап өтти.

Бул жөнелистеги ислерге жаңадан түртки бериў, шет еллерден заманагөй илимий әсбап хәм үскенелерди алып келиў, ең кәбилетли жасларды бул ислерге тартыў

хәм хошаметлеў мақсетинде Президентимиз тәрепинен илим хәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў комитети жанында өз алдына фонд дүзилип хәм жетерли дәрежеде қаржы менен тәмийинленбекте.

Бүгинги күнде билимлендириў тараўындағы барлық хәрекетлеримиздиң дәслепки қуўанышлы мийўеси түринде бир неше шет тиллерде еркин сөйлесе алатуғын хәм соның менен бирге, өз пикирин ана тилинде арқайын, шырайлы хәм ықшам етип сәўлелендире алатуғын жаңа қәнигелер әўладын көргенде, журтымыздағы хәр бир ата-ананың, устаздың, жақсы нийетли хәр бир инсанның қәлби мақтаныш сезимлерине толады.

Жоқары оқыў орынларында кадрлар таярлаў, билимлендириў системасын реформаластырыўдың жәҳәнде тән алынған, тәжирийбеде дәлилленген 4 модели бар болып, олар АҚШ, Франция, Германия хәм Япония мәмлекетлериниң моделлери болып табылады. Олар, улыўма қағыйда хәм бағдарлары бойынша бир-бирине жақын болса да, бирақ аты аталған мәмлекетлердиң хәзирги экономикалық, жәмийетлик-сиясий жағдайы, миллий характерлери хәмде пуқаралардың жасаў шараятынан есапқа ала отырып, бир-биринен парқ етеди. Мысалы, Японияның билимлендириў системасында шаңарақ факторына үлкен итибар берилген. Америка яки Францияда болса жергиликли шараяттан келип шыққан түрде пуллы мектеплер иске түсирилген. Бирақ айырым мәмлекетлерде өзин ақлаған хәм нәтийже берген моделлерди өзге мәмлекетлер ушын туўрыдан-туўры қоллап яки әмелиятқа енгизиўге болмайды. Соның ушын да раўажланған мәмлекетлердиң тәжрийбелери терең үйренилип, миллий хәм де республикамызға тән болған кәсийетлер, шараятлар инабатқа алынған түрде кадрлар таярлаў системасының жаңа модели ислеп шығылды. Кадрлар таярлаў миллий моделиниң тийкарғы қурамы - шахс, мәмлекекет хәм жәмийет, үзиликсиз билимлендириў системасы, илим хәм ислеп шығарыў системаларының биргеликтеги рухый-ағартыўшылық, тәрбиялық, жәмийетлик биргеликтеги шөлкемлескенлигинен ибарат.

Дүнья жүзинде раўажланған демократиялық мәмлекетлер тәжрийбесин улыўмаластырған хәм хәзирги күнде басқалардың моделлерин тәкрарламаған бул программа адамлардың, биринши нәўбетте, өнип-өсип киятырған жас әўладтың санасында демократиялық қәдриятларды беккемлеўге қаратылған болып, өмирде өз пикирине, өз жолына хәм қатаң пухаралық позициясына ийе болған, хәр тәреплеме жетилискен хәм еркин түрде пикирлей алатуғын шахсты қәлиплестириўди мақсет етип қойған.

Бүгинги күнде хәр қандай мәмлекеттиң дүнья базарында бәскиге шыдамлылығы тек қана тәбийий ресурслардың бар екенлигине ғана емес, бәлким, биринши нәўбетте, заманагөй турақлы жаңаланып туратуғын технологияларды өзлестире алатуғын, жоқары билимли хәм интизамлы жумысшы күшин турақлы түрде таярлап барыўға байланыслы болып соның тийкарында миллий хәм улыўмаинсаныйлық пазыйлетлеримизди улыўмаластырған түрде, заманагөй билим, интеллектуал қәбилет хәм алдыңғы технологияларға ийе болған адамлар ғана раўажланыўда өз алдына қойған стратегиялық мақсетлерине ерисе алады.

Жәмийетте билимли, мағлыўматлы хәм жоқары интеллектке ийе болған адамлардың абыройын асырыў билимлендириў системасын реформаластырыўдың



тийкарғы принциплеринен бири болыўы керек хәм соның менен бирге билимлендириў тараўында, заманагөй кадрлар талап етилетуғын тармақлар ўәкиллери ортасында халықаралық бирге ислесиўди турақлы түрде раўажландырыў зәрүр.

Мәмлекетимиздеги билимлендириўдиң бирнеше бағдарлары бойынша тәжирийбелерин үйренгенимизде, мектеп билимлендириўи мәмлекетте жасап атырған тийкарғы миллетлер талапларын инабатқа алған ҳалда 7 тилде – өзбек, қарақалпақ, рус, қазақ, қырғыз, тәжик хәм түркмен тилларинде алып барылмақта, 9+3 схемасы бойынша улыўма бийпул билимлендириў системасы енгизилген хәм бунда хәр бир питкериўши мәжбүрий тәлимнен соң өз қәлеўи бойынша жоқары оқыў орынларында оқыўын даўам еттириўи хәм бакалавр хәмде магистр дәрежесин алыўы мүмкин.

Буннан тысқары хәр бир колледждиң қәнийгели исши күшине буйыртпаларға ийе болған белгили бир кәрханалар менен жақын байланыслар жолға қойылған хәм Өзбекстан Республикасы Президенти басшылығында шөлкемлестирилген арнаўлы фонд базасында балалар спортын раўажландырыўға айрықша итибар қаратылған.

Өзбекстанның билимлендириў системасын раўажландырыў бағдарындағы тәжирийбеси бойынша, кадрлар таярлаў сапасын еледе жақсылаў, олардың бәсекиге шыдамлылығы хәм кадрларға болған мүтәжлигин арттырыў ушын зәрүр шәраятлар жаратқан түрде, миллий тәлим системаларын модернизацияластырыў, алыс аўыллардағы балалар хәм жаслардың барлық басқышта бийпул улыўма орта хәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимин алыў имканиятларын буннан былайда кеңейтириў, билимлендириў системасын жетилистириў хәм оны қаржыландырыў дереклерин кеңейтиў, хәр бир билимлендириў тараўын раўажландырыў хәм реформаластырыўда Өзбекстанның орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими системасын шөлкемлестириў, билимлендириў мекемелериниң белгиленген кәрханалар мен жақын байланысларын жолға қойыў, ең жақсы шет ел жоқары оқыў орынлары филиалларын шөлкемлестириўди еледе раўажландырыў, экономика қурамындағы өзгерислер хәм жәмийеттиң әҳмийетли мүтәжлигине муўапық, оқытыўшы кадрларды таярлаў хәм олардың қәнигелигин үзиликсиз асырып барыў системасын еледе жақсылаў, материаллық хәм руўхый хошаметлеўди күшейткен түрде, оқытыўшылық кәсибиниң абыройын жәнеде арттырыў, халқаралық стандартлар, заманагөй илимниң жетискенликлерин инабатқа алған түрде, оқыў бағдарламалары, сабақлық хәм оқыў қолланбаларын, оқытыў методикасын турақлы түрле жетилистирип барыў, билимлендириўдиң барлық басқышларында тәбийий-илимий хәм инженерлик пәнлерди оқытыўдың әмелий характерге ийе болған системасын, оқытыўдың жаңа технологиялық форма хәм усылларын енгизиў, оқытыўдың барлық басқышларында шет тиллерди үйрениўди кеңейтиў, жаслардың халқаралық мийнет базары шәраятларына масласыўын тәмийнлеўди әмелге асырыў бүгинги күнниң талабы болып есапланады.

Буларды әмелге асырыў ушын раўажланып атырған мәмлекетлерге барлық басқыштағы билимлендириў системалары, соның ишинде, жоқары билимлендириў системасын раўажландырыўға техникалық жақтан көмеклесиў ушын грантлар хәм де жеңиллестирилген кредитлер ажыратыў әмелиятын кеңейтиў, халқаралық конференциялар, симпозиумлар, семинарлар өткериў хәм тәжирийбе арттырыў, сондай-ақ, мақалалар жәриялаў арқалы раўажландырыўда жәҳәндеги ең алдыңғы

тәжирийбелерди ғалабаластырыўға, дүньяның раўажланған мәмлекетлериндеги оқыў орынлары ҳәм илимий мәкемелери менен бирге ислесиўди үйрениў мақсетке муўапық.

Әдебиятлар:


1. И. Каримов. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади // Т.: Ўзбекистон, 2012, 15-бет.

2. Президент И. Каримовнинг «Юксак билимли ва интеллектуал ривожланган авлодни тарбиялаш – мамлакатни баркарор тараққий эттириш ва модернизация килишнинг энг муҳим шарти» мавзусидаги халқаро конференция материаллари. – Т.: O'zbekiston, 2012. – 4.5-бет

3. Президент И. Каримовнинг "Олий таълим муассасаларининг моддий-техник базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилаш чора-тадбирлари тўғрисида"ги қарори// Халқ сўзи, 2011 йил 20 май.

4. Йўлдошев Ж. Таълимимиз истиқлоли йўлида. – Тошкент. Шарк, 1996. 4-5-бет



РЕЗЮМЕ

Мазкур мақолада таълим сифати ва самарадорлиги педагогнинг касбий имкониятлари, уларнинг малакасини оширишнинг янги тизимини яратиш, уларнинг меҳнатини рағбатлантиришни кўчайтириш масалаларига алоҳида эътибор қаратилганлиги хақида сўз юритилади.

РЕЗЮМЕ

Данная статья раскрывает значение современных педагогических технологий в образовании.

SUMMARY

The article deals with the meaning of the up-to-date pedagogical technologies in teaching


## БАЎРЫКЕҢЛИК (ТОЛЕРАНТЛЫҚ) ИДЕЯСЫНЫҢ МӘНИС-МАЗМУНЫ


*М.Төлегенов*

*Ташкент химия-технология институты «Фундаментал пәнлер» кафедрасы ассистент оқытыўшысы*



**Таянч сўзлар:** Толерантлик, карама-каршилик, миллийлик, диний ишонч, сабр, хусусият, диний конфессия, ижтимоий хаёт, миллий бағрикенглик, сиёсий бағрикенглик , диний бағрикенглик.

**Ключевые слова:** Толерантность, противоречие, национальное, религиозная вера, терпимость, различие, религиозная конфессия, социальная жизнь, национальная толерантность, политическая толерантность, религиозная толерантность.

**Key words:** Tolerance, argument, national faith, religoius faith, patience, difference, religious confession, social life, national tolerance, political tolerance, religious tolerance.


Өзбекстан халқының миллий раўажланыў жолындағы баслы идеясы ғәрезсизликти беккемлеў, азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм абадан турмыс қурыў болып есапланады. Миллий ғәрезсизлик идеологиясының тийкарғы идеялары халқымыздың ғәрезсиз раўажланыў жолындағы баслы идеясынан келип шығады ҳәм өзиниң мәниси - әхмийетине көре оны халқымыздың қәлби ҳәм санасына тағы да тереңирек сиңдириўге хызмет етеди. Усындай идеялардың бири диний баўрыкеңлик (толерантлық) есапланады. Халқымызды ушын әзел-әзелден муқаддес болған бул идея жәмийеттеги түрли пикир ҳәм көз-қарасқа ийе болған барлық миллетлерди бирлестириўге ҳәм бул арқалы миллий жәмлескенликти беккемлеўге хызмет етеди.

Журт тынышлығы идеясының әмелге асырылыўында айрықша орынды жәмийетте баўрыкеңликти (толерантлықты) беккемлеў мәселеси ийелейди. Баўрыкеңлик инсаниялттың жаңа әсирдеги тәғдири менен үзликсиз байланыслы болған мәселеге айланбақта. Себеби дүнья түрли - түрли этникалық группалар ҳәм диний жәмәәтлерден ибарат болып, бул көп түрлиликлерди түсиниўде жүдә көп наанықлықлар ҳәм алжасықлар ушырасып турады. Жәҳәндеги урыслар, қарама - қарсылықлар, терроризм ҳәм диний экстремизм, расизм, миллий ҳәм диний белгилерине қарай қуўдалаўлар кең жайылған бундай шараятда бул мәселе жүдә үлкен әхмийетке ийе.

Жер жүзиндеги 200 ден артық мәмлекетлерде жәми 7 миллардтан аслам халық жасайды. Планетамыздағы мәмлекетлердиң оннан тоғыз бөлегин хәр қыйлы диний исенимлерге әмел қылыўшы этникалық топарлар, көп миллетли халықлар қурайды. Олардың өз-ара келисимге келип, бир-бири менен аўызбиршиликте ҳәм татыўлықта жасаўын тәмийинлеў ушын өз-ара татыўлық ҳәм баўрыкеңлик әмелиятын җәнеде раўажландырыў зәрүрлиги күн тәртибине бәрҳама қойылмақда. Буннан баска, идеологиялық, идеялық ҳәм информациялық гүреслерде хәўиж алып, жүдә курамалы ҳәм қәўетерли жағдай жүзеге келмекте.

Миллий идея ҳәм идеология үгит-нәсияты өмир мәселесине айланған усындай бир шараятта, түрли диний конфессияларға хүрмет пенен қараў, журтласларымызды миллетлераралық татыўлық ҳәм диний баўрыкеңлик руўхында тәрбиялаў үлкен әхмийетке ийе болмақта.

Баўрыкеңлик инсаниялттың ең әйемги қәдириятларынан есапланса да, бирақ оның рәсмий принциплери биринши мәртебе 1995-жылы 16-ноябрде ЮНЕСКО Декларациясында ислеп шығылды. Бул халықаралық хүжжетте баўрыкеңликтиң ең әхмийетли қәсийетлери, оған ерисиўдиң жоллары ҳәм бул мәселеде мәмлекет сиясатының тийкарғы ўазыйпалары белгилеп берилген. Халықаралық хүжжетте берилген анықламада «Баўрыкеңлик - бизиң дүньямыздағы мәдениятларының, өз - өзимизди баянлаў формаларының хәмде хәр бир инсанның өзине тәнлигиниң рәңбәреңлигин хүрмет қылыў ҳәм туўры түсиниўди аңлатады»[1]. «Өзбекстан миллий энциклопедиясы»нда баўрыкеңлик түсинигине төмендегише анықлама берилген: «Баўрыкеңлик өзгелердиң турмыс тәризи, минез - қулқы, дәстүрлери, сезимлери, ой - пикирлери, идеялары ҳәм исенимлерине шыдамлылық мүнәсебетинде болыў демекдур»[2:485]. Толерантлық түсиниги көплеген дереклерде «шыдамлылық», «сабыр-тақат», «сабырлылық» мәнисинде түсиндириледи. Ҳақыйқатында болса ол жүда кең мәниске ийе. Расында да баўрыкеңлик бул тек өзгелердиң пикири, көз-қараслары ҳәм хәр қыйлы хәрекетлерине пассив бойсыныўды аңлатпайды, ал адамлар ҳәм топарлар ортасында бир-бирин өз-ара түсиниўди ҳәм олар менен биргеликте нәтийжели искерлик алып барыўды нәзерде тутады. Өзлериниң тур-